

Chapit 2. Administrasyon Jeneral
Seksyon 2.121

Règleman 2.121 Aktivite elèv yo nan lekòl yo

1. Lwa sa a fèt ak entansyon pou mete ann aplikasyon Lwa Federal #20 U.S.C. §§ 4071, et. seq., ki bay tout moun menm aksè, ak premye amandman konstitisyon Etazini an. Distri a kwè li enpòtan pou elèv yo aprann siyifikasyon ak pratik libète lapawòl pandan yo lekòl pou yo kapab, kòm sitwayen demen, apresye pratik nòminal libète vital sa a. Pandan l ap adopte prensip sa a, distri a pa epànnye otorite li pou li kenbe yon bon jan anviwònman eskolè. Lekòl segondè distri sa a kapab ofri yon fowòm piblik a gwoup elèv pou yo angaje yo nan diskou konsènan restriksyon sa yo.
2. Aktivite elèv yo se responsab dirèk direktè (tris) la. Distri a rekonèt de kalite klib lekòl ki kapab reyini nan lekòl la:
 - a. KLIB KI GEN RAPÒ AK KOURIKOULÒM LEKÒL. Ap gen yon manb anplwaye kòm kowòdinatè ki responsab klib ki gen rapò ak kourikoulòm lekòl la epi klib sa a ap fonksyone selon règleman patikilye pou klib yo sipòte yo, tankou règleman anba yo:

Yon gwoup elèv lye ak kourikoulòm si li ranpli youn oswa plizyè nan kondisyon sa yo:

- i. Yo anseye matyè gwoup la nan yon seri klas yo ofri regilyèman;
- ii. Natirèlman, sijè gwoup la chwazi a konsène tout kò a ann antye. – sa vle di, Kò etidyan yo, Sosyete Onè Nasyonal; Klib Franse.
- iii. Patisipasyon nan gwoup la obligatwa pou yon kou patikilye; tankou gwoup mizikal, òkès;
- iv. Patisipasyon nan gwoup la pèmèt ou jwenn kredi akademik.
- b. KLIB AK REYINYON ELÈV KI PA GEN RAPÒ ak KOURIKOULÒM. Klèb la ap fonksyone selon règleman anba yo. Direktè (tris) la kapab chwazi yon siveyan ki p ap patisipe pou sipèvizè pandan li sou lakou lekòl la.
 - i. Yo dwe pèmèt elèv rankontre nan lè ki pa gen klas; sa enkli avan klas kòmanse, aprè klas, nan moman manje midi, ak lòt lè ki pa gen klas. Sepandan, okenn timoun pa dwe patisipe nan yon reyinyon lè li gen klas oswa resevwa lòd nan men lekòl la pou li ale yon lòt kote. Sa enkli nenpòt lè lekòl la mande yon elèv an patikilye oswa tout lòt elèv, pou rete deyò lakou a oswa deyò bilding nan.
 - ii. Tout reyinyon dwe fèt nan bi pou elèv yo patisipe epi yo dwe louvri pou tout elèv ki lekòl la. Prezans yon elèv nan yon reyinye se yon chwa volontè.
 - iii. Okenn reyinyon pa dwe gen aktivite ilegal oswa materyèlman angaje nan yon seri aktivite ki pa konfòm ak edikasyon pandan yo lekòl la.
 - iv. Se pa distri lekòl la ki dwe sipòte kontni reyinyon elèv sa yo. Distri a dwe rete net parapò ak kontni reyinyon sa yo si yo konfòm ak paragraph ii ak iii.
 - v. Elèv yo kapab envite oratè ki pa lekòl la selon paragraf ii, iii and iv.
 - vi. Si elèv yo ta vle reyini dapre prensip sa a, yo dwe fè yon demand pou rankontre ak direktè/tris la pou di:
 1. nan ki chanm yo ta renmen reyini ak lè yo vle rankontre;
 2. non elèv k ap sèvi kòm kontak ant gwoup la at otorite yo; ak
 3. pwofesè ki ap la kòm siveyan
 4. nati ak objektif reyinyon an
- c. Pwofesè yo seleksyone kòm siveyan an pa dwe patisipe dirèkteman oswa kontwòle aktivite klib la. Si siveyan an pa obsève limit yo bali a l ap vyole prensip sa a epi yo kapab menm sanksyone li.
- d. Direktè/tris la dwe apwouve yon reyinyon si li reponn ak prensip sa a ak yo dwe avize moun ki reprezante gwoup elèv yo konsènan akseptasyon an, oswa reyinyon an pa konfòm ak règleman yo, Direktris la dwe bay rezon ki fè li pa aksepte de (2) jou aprè demand ki te fèt konsènan reyinyon an. Depi li fin apwouve, yon gwoup elèv dwe kontinye fè reyinyon pandan tout rès ane lekòl la, amwenske aktivite klib la ta vyole règleman sa a.

- e. Afilyasyon nan gwoup elèv ki gen aktivite ki pa baze sou kourikoulòm dwe se yon desizyon volontè tout elèv kapab pran;
 - f. Elèv ki dezire yon klib konsa dwe ekri yon rekèt voye bay direktè/tris sant lekòl la ki ap gen pou apwouve yon klib oswa reyinyon konsa depi demann nan konfòm ak règleman yo.
3. Daprè lwa § 232.40, Fla. Stat., li ilegal pou nenpòt elèv fè pati, entegre, oswa devni manb, oswa angaje tèt li pou vin manb kèlkeswa gwoup fratènite sekrè, sororite, oswa gwoup ki fòme konplètman oswa an pati ak elèv ki nan lekòl piblik oswa patisipe nan òganizasyon oswa fòmasyon fratènite, sororite, oswa sosyete sekrè konsa; sa pa dwe konsidere kòm yon baryè pou anpeche elèv fè pati okenn òganizasyon otorite lekòl la sipòte ak ankouraje; oswa òganizasyon otorite lekòl la te deja apwouve oswa lòt òganizasyon kote patenarya a baze sou bon karaktè, bousdetid, abilite lidèchip ak akonplisman.
 4. Lòt aktivite espesifik andeyò kourikoulòm ki kreye konpetisyon ant lekòl yo egzije pou tout elèv reyalize mwayèn jeneral distri a mande pou kalifikasyon.
 5. Tout klèb elèv, ke sa gen rapò ak kourikoulòm ou non, dwe gen menm aksè ak espas reyinyon, plasman nan manyèl, jounal lekòl, liv anyèl lekòl ak tablo mesaj. Kalite reyinyon konsa kapab fèt andedan lekòl la pandan pa gen klas.
 6. Direktè/tris la gen dwa pou li anpeche nenpòt klèb elèv kondui aktivite nan lekòl la ki pa konfòm ak misyon distri lekòl la.
 7. Filozofi lekòl rejyon Palm Beach yo vizavi relijyon ak aktivite politiik rete yon bagay net; li pa ni favorize, defavorize, apwouve, dezapwouve; li pa, nonplis, andose oswa opoze ak relijyon oswa pati politik.
 8. Règleman sa a pa bay okenn dwa pou piblik la gen aksè. Gwoup ki gen moun ki pa elèv kapab lwe pwopriyete a daprè règleman dirijan lekòl # 7.18. Gwoup ki ap fè reyinyon yo dwe lwe fasilite yo nan men distri lekòl la. Moun ki pa lekòl yo pa dwe dirije, kondui, kontwole oswa patisipe, regilyèman, nan aktivite elèv ki yo menm gen dwa pou itilize lokal yo selon "Equal Access Act" lwa ki bay yo tout menm aksè. Pa dwe gen anyen nan règleman sa a, sepandan, ki la pou limite oswa diskrimine kont okenn pwendvi an patikilye.
 9. Sipèentandan an dwe pwomilge yon seri prensip administratif ki apwopriye pou kapab montre lide, entansyon ak byen fonde règleman sa a.

OTORITE LEGAL: Lwa Florid § 230.23(17); 230.23005

LWA ANVIGÈ: § 232.40, Fla. Stat.; 20 U.S.C. §§ 4071-4074, Lwa Federal ki bay Tout Moun Menm Aksè

DOSYE ISTORIK: 25/10/95; 21/4/99